



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

MUSTIKANING IBU

MUSTIKA IBU

Penulis : SURATI, S.Pd

Ilustrator: WISNU DRAJAD



C

MUSTIKANING IBU

MUSTIKA IBU

Penulis : SURATI, S.Pd

Ilustrator: WISNU DRAJAD



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

MUSTIKANING IBU

MUSTIKA IBU

Penulis : Surati, S.Pd

Ilustrator : Wisnu Drajad

Penerjemah : Surati, S.Pd

Penyunting : Joko Sugiarto

Penata Letak: Hasti Ismalia

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-519-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic

ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Sawise Bapak Kepala Sekolah maosake pengumuman menawa Bagus dadi juwara dhalang cilik. Kabeh banjur padha sorak-sorak seneng lan ngucap saur manuk “Horeee Bagus menang, Bagus pancen oye!”.

Ing tengahe para guru paweh pocapan marang Bagus dumadakan keprungu pambengoke Bagus. Sinambi mlayu nuju kelas, Bagus bengok seru, “Ora...! Ora...! Iki mesthi ora bener, iki mesthi kleru bijine! Apa malah kleru jenenge!” Kabeh padha kaget ngawasake playune Bagus, banjur padha nututi playune.

Bagas muni-muni ngundhamana ora karuan, sinambi netheli gambar sing ana wayange. Bu Asih guru wali kelase, banjur menggak lan ngerih-erih kanthi sabar. “Sareh ya cah bagus, sareh, sareh ya...! Yen cah pinter iku, ora pareng duka-duka kaya mangkono”

“Sinten sing pinter, Bu Asih? Kula niku bodho, nyatane kula boten juwara!” wangsulan Bagus karo nangis. Bu Asih terus maringi panglipur lan pambombong marang Bagus. Supaya Bagus tetep tatag bisa nampa putusaning juri. Merga sayembara iku ana sing menang lan ana sing kalah.

Bapak Kepala Sekolah membacakan pengumuman tentang Bagus yang mendapatkan kejuaraan dalang anak. Setelah mendengar pengumuman semua siswa bersorak-sorai serta bersahut-sahutan mengucapkan kata, “Horeee Bagus menang, Bagus memang oke”. Di saat semua guru mengucapkan selamat kepada Bagus, tiba-tiba terdengar suara yang keras dari Bagus. Sambal berlari menuju kelas, Bagus berteriak dengan suara yang keras. “Tidak..., Tidak! ini pasti tidak benar, ini pasti keliru menilainya! apa keliru namanya!”. Semua yang ada di tempat itu terkejut melihat Bagus yang sedang berlari sehingga semua ikut berlari mengujarnya. Bagus berteriak mengungkit-ungkit tidak karuan sambil merenggut gambar yang ada wayangnya. Bu Asih selaku wali kelas selanjutnya membujuk Bagus dengan sabar. “Sabar ya anak ganteng, sabar..., sabar! Anak pinter tidak marah-marah seperti ini! “Siapa yang pintar, Bu Asih? Saya bodoh, kenyataannya tidak juara!” Bagus menjawab sambil menangis. Bu Asih terus menghibur dan memberi semangat kepada Bagus supaya mau menerima keputusan juri karena dalam perlombaan itu ada yang menang dan kalah.

Nalika mireng pangandikane Bu Asih, Bagas banjur rada mendha. Ananging nalika weruh Bagus nggugengi wayang, sanalika Bagas banjur mlayu marani Bagus. Sawise cedak karo Bagus banjur ngrebut wayang sing dicekel Bagus. Sawise karebut karo muni-muni wayang diuncalke. Tujune wae wayang bisa ditangkap dening Pak Jaka guru olahraga.

Wayang banjur dicaosake marang Bapak Kepala Sekolah. Dene Pak Jaka dhewe banjur nggugengi Bagus lan mbopong tumuju ruangan UKS. Lan bocah-bocah liyane ora dikeparengake ngetutake. Sawise tumeka ing ruangan UKS, Pak Jaka ngupaya ngleremake Bagus. Bagus kang kudune seneng atine merga menang sayembara, ananging malah susah atine. Bapak Kepala Sekolah lan uga para guru banjur paring panglipur marang Bagus. Putusan juwara kang katampa dening Bagus seka yuri iku wis bener. Dadi wis ora bisa dijugarake dening sapa wae. Sabanjure Bagus diajak mlebu menyang ruangan kantor guru.

Ing plataran sekolah bocah-bocah padha udur dhewe-dhewe. Ana sing belani Bagus lan ana sing belani Bagus. Mireng pelaporan salah siji guru, Bapak Kepala Sekolah banjur metu seka ruangan. Mangerti menawa Bapak Kepala rawuh ing plataran, para siswa banjur padha meneng. Kanthi kebak ing kawibawan para siswa kadhawuhan baris sing rapi.

Mendengar perkataan dari Bu Asih kemarahan Bagas mereda. Tetapi, setelah melihat Bagus membawa wayang, tiba-tiba Bagas berlari menghampiri. Setelah dekat, dia merebut wayang dan dilempar. Kebetulan wayang bisa ditangkap oleh Pak Jaka guru olah raga. Selanjutnya wayang diserahkan kepada Bapak Kepala Sekolah. Bapak Joko memegang Bagus lalu dibopong menuju ruang UKS. Anak-anak yang lain dilarang mengikuti Pak Jaka dan Bagus. Setelah sampai di ruang UKS Pak Jaka berusaha menenangkan Bagus. Bagus yang harusnya senang hatinya karena memenangkan kejuaraan tetapi merasa sedih. Bapak Kepala Sekolah dan para guru lalu menghibur Bagus. Keputusan kejuaraan yang diterima oleh Bagus dari juri sudah benar sehingga tidak dapat diganggu gugat. Selanjutnya, Bagus diajak masuk ke kantor guru. Di halaman sekolah anak-anak berdebat, ada yang membela Bagus dan Bagus. Mendengar laporan salah satu guru, Bapak Kepala Sekolah keluar dari ruang guru. Mengetahui Bapak Kepala Sekolah datang di halaman, semua siswa terdiam. Dengan berwibawa semua siswa disuruh untuk berbaris dengan rapi.



Supaya ora dadi salah ing panampa, Bapak Kepala Sekolah banjur paring pangandikan. “Putra siswaku kabeh, Bapak njaluk aja padha rebut bener. Mangertiya menawa melu sayembara utawa lomba iku wani menang lan kalah. Lan sing nemtokake menang kalah iku yuri sing wis mumpuni. Dene yuri dhalang iku dhewe, seka wong-wong sing ahli ngilmu pedhalangan.” Sawise rampung paring pangandikan, Bapak Kepala Sekolah banjur paring wektu sapa kang bakal nyuwun pirsane. Sabanjure Budi, siswa kelas enem, ngacungake tangan. Bapak Kepala Sekolah banjur ngeparengake Budi matur, dene siswa liyane padha mirengake.

“Mekaten Bapak Kepala Sekolah, kula namung badhe nyuwun pirsane. Kinten-kinten biji ingkang pundi Bagas kok saget kawon?” Midhanget pitakone Budi, Bapak Kepala Sekolah banjur anjarwakake perangan-perangan kang kabiji. Dene peranganane yaiku antawecana, sabet, lakon, lan sanggit. Iringan uga kabiji dhodhogane, keprakane, sulukane, lan karawitane.

“Bagas niku sabetane sae lho, Pak Kepala! Gek mangke namine klentu niku?” panyela ature Andri. Kanthi mantep Andri ngaturake menawa Bagas iku asring dadi dhalang ing kampunge. Lan anggane mayang tansah diunggah uga ana ing YouTube.

Supaya tidak terjadi kesalahan pemahaman Bapak Kepala Sekolah berbicara. “Anak-anakku semua, bapak minta jangan menang sendiri! Mengertilah bahwa ikut sayembara atau lomba itu harus siap menang dan kalah. Ketentuan pemenang diputuskan juri yang kompeten, dari orang ahli dalam ilmu pedhalangan”. Setelah selesai berbicara, Bapak Kepala Sekolah memberikan waktu siswa yang ingin bertanya. Selanjutnya, Budi mengangkat jari dan bertanya, sedangkan siswa yang lain mendengarkan.

“Begini Bapak Kepala Sekolah, saya mau bertanya. Kira-kira nilai yang mana yang membuat Bagas kalah?” Mendengar pertanyaan Budi, Bapak Kepala Sekolah lalu menjelaskan bagian aturan yang dinilai. Bagian aturan yang dinilai yaitu: *dhodhog*, *keprak*, *suluk*, dan iringan.

“Bagas sabetannya bagus lho, Pak Kepala! Mungkin namanya yang salah?” Andri menyela. Andri menyampaikan bahwa Bagas sering dalang di kampungnya. Bagas juga selalu mengunggah di YouTube.

Sawise midhanget ature Andri, Bapak Kepala Sekolah mesem karo manggut-manggut. Sabanjure, kanthi alon panjenengane ngendika, “Apik iku yen manut pambijine awake dhewe. Ananging durung temtu apik tumrape yuri, sing luwih pana katimbang awake dhewe. Yen kleru jeneng, cetha ora mungkin. Yuri ora mung siji, nanging ana telu. Iku mbok menawa, Bagas ana sing kurang pas ing salah sijine” Sabanjure, Bapak Kepala Sekolah nerangake perkara syarate bisa dadi yuri dhalang wayang. Ing antarane kudu ngerti pakeme wayang, apal lakon-lakon wayang, lan temtune uga minangka dhalang. Kabeh para siswa padha manthuk-manthuk mertandakake menawa wis mudheng. Dumadakan siswa putri kang jeneng Wuri ngacungake tangan lan matur. “Pak Kepala, menapa angsal dhalang nesu ngrusak wayang?” pitakone Wuri kanthi polos. Nalika krungu pitakone Wuri, siswa liyane padha muni saur manuk. “Lha iya ya, kudune ora kena kuwi. Ora ngormati karo sing gawe wayang!” “Bener! Ora mung ngrusak wayang ngrusak apa wae iku ora pareng. Apa maneh lagi nesu, sansaya ora bener!” mangkono ngendikane Bapak Kepala. Sabanjure, Bapak Kepala paring pangandikan perkara gawe wayang iku ora gampang. Saka mula bukane kulit teles dadi garing, banjur ukuran lan tatah sungginge.

Setelah mendengar perkataan dari Bapak Kepala Sekolah, Andri tersenyum sambil mengangguk. Bapak Kepala Sekolah berkata, “Baik menurut penilaian kita belum tentu baik menurut juri. Kemungkinan keliru nama tidak mungkin. Juri tidak hanya satu tetapi tiga, mungkin Bagas tidak ada kesesuaian.” Selanjutnya Bapak Kepala Sekolah menerangkan permasalahan syarat bisa menjadi juri dalang wayang. Di antaranya harus mengerti pakem wayang dan tentunya sebagai seorang dalang. Semua siswa mengangguk kepala menandakan bahwa sudah mengerti dan jelas. Tiba-tiba siswa yang bernama Wuri mengacungkan tangan. Lalu bertanya, “Pak Kepala, apa seorang dalang boleh merusak wayang?” Mendengar pertanyaan Wuri semua siswa saling bersahut-sahutan untuk bicara. “Iya, ya...seharusnya tidak boleh, tidak menghormati yang membuat wayang!” “Betul! Tidak hanya merusak wayang merusak apa saja itu juga tidak boleh. Apalagi baru marah, semakin tidak benar!” kata Bapak Kepala Sekolah. Selanjutnya, Bapak Kepala Sekolah memberikan penjelasan permasalahan membuat wayang yang tidak mudah. Berawal dari mengeringkan kulit sampai dengan mengukur dan menatah sunggingnya.

Para siswa dadi padha mudeng kang dingendikake Bapak Kepala Sekolah. Gegandhengan wis wancine bubarane sekolah, para siswa banjur padha kadhawuhan bali. Bagas kang dileremake dening Bapak Jaka lan Bu Asih uga uwis lerem. Ananging, dheweke isih besengut merga atine pancen kuciwa ora dadi juwara dhalang cilik.

Lagi wae meneng anggone Bagas nangis, dumadakan krungu suwara lakuning sepatu. Sanalika banjur padha noleh tumuju lawang “Ibu...!” panyeluke Bagas sinambi mlayoni ibune. Karo ngrungket ibune Bagas nangis maneh. “Ibu aku ora bisa nyenengake Ibu. Aku ora bisa juwara!”

Sawise mireng putrane matur sinambi nangis, ibune Bagas ngendika alus lan alon. Pangandikan iku nuduhake katresnane ibu marang putrane. “Wis-wis cup... cup cah bagus Ibu ora papa, rasah nangis. Saiki durung juwara. Sapa ngerti besuk tahun ngarep dadi juwara. Kowe rasah sedhik merga isih ana wektu.” panglipure Ibune kang asmane Bu Ani.

“Emoh, Bu! Bagas wis emoh dadi dhalang maneh!” wangsulane Bagas karo nangis. Bu Ani kang apal watak wateke putrane age-age ngiyani. Nalika deleng putrane sing lagi pundung, Bu Ani banjur nyuwun pamit. Sabanjure, Pak Jaka lan Bu Asih nguntapake Bu Ani nganti tekan regol sekolahan.

Semua siswa menjadi paham terhadap yang disampaikan Bapak Kepala Sekolah. Karena jam sekolah sudah selesai, para siswa disuruh pulang. Bagas yang ditenangkan oleh Bapak Jaka dan Ibu Asih sudah tenang. Namun, dia masih cemberut karena hatinya kecewa tidak menjadi juara dalang cilik.

Baru saja Bagas terdiam dari tangisnya, tiba-tiba terdengar suara langkah sepatu. Selanjutnya, semua menoleh ke arah pintu, “Ibu...!” teriak Bagas sambil berlari ke arah ibunya. Sambil memeluk ibunya, Bagas menangis lagi. “Ibu, aku tidak bisa menyenangkan Ibu. Aku tidak menjadi juara!”

Setelah mendengar anaknya berkata sambil menangis, ibu Bagas berbicara halus dan pelan. Pembicaraan itu menunjukkan rasa cinta kasih ibu kepada anaknya. “Sudah, cup...cup anakku yang ganteng, Ibu tidak apa-apa, tidak usah menangis. Sekarang belum juara siapa tahu tahun depan mendapatkan juara. Kamu tidak usah sedih karena masih ada waktu” hibur ibu Bagas yang bernama Ibu Ani. “Tidak mau, Bu! Bagas tidak mau jadi dalang lagi!” jawab Bagas sambil menangis. Bu Ani yang hafal watak anaknya hanya mengiyakan. Saat melihat anaknya bersedih, Bu Ani mohon pamit. Selanjutnya, Pak Jaka dan Ibu Asih mengantarkan Bu Ani sampai gerbang sekolah.



Sawise rampung nguntapake, Pak Jaka lan Bu Asih banjur tumuju ruang guru. Nalika mangerteni Pak Jaka lan bu Asih tumeka, kabeh padha lega atine. Baline Pak Jaka lan Bu Asih mertandakake kahanan wis tentrem. Bagas wis dipethuk wong tuwane bali mulih. Iku ateges ing sekolahan wis ora ana sing nangis lan ngamuk maneh.

“Bagus, aja susah atimu. Iki kanugrahan gedhe kanggomu. Ewodene pangamuke Bagas iku mau amarga kagol ora dadi juara. Saiki Bagas rasah sedih lan pekewuh,” mangkono pambombonge Bapak Kepala Sekolah. Para guru liyane padha menahi panjurung marang Bagus.

“Nyuwun sewu, Pak Kepala, menapa Bagus saged dipundugekaken wangsul samenika? Menika supados boten dados penggalihan tiyang sepuhipun jalaran wangsulipun randat. Samenika sampun dungkap tabuh kalih,” ature Pak Jaka marang Bapak Kepala.

“O, nggih leres. Leres pangandikan jenengan, Pak Jaka. Mangke sekalian nyerahaken kwitansi hadiah, kula ingkang dugekaken,” ngendikane Bapak Kepala Sekolah. Kabeh bapak ibu guru padha sarujuk.

Setelah mengantar, Pak Jaka dan Bu Asih menuju ke ruang guru. Saat mengetahui Pak Jaka dan Bu Asih masuk ruang, semua guru merasa lega. Kembalinya Pak Jaka dan Bu Asih menandakan keadaan sudah tenteram. Bagas sudah dijemput orang tuanya pulang. Itu berarti di sekolahan tidak ada yang nangis dan mengamuk.

“Bagus, jangan bersedih hati. Ini adalah anugrah besar untukmu. Bagas marah karena kecewa tidak menjadi juara. Sekarang Bagus tidak usah sedih dan merasa sungkan,” begitu penyemangat yang disampaikan Bapak Kepala Sekolah. Semua guru memberikan dukungan kepada Bagus.

“Mohon maaf, Pak Kepala Sekolah, apakah Bagus bisa pulang sekarang? Ini supaya orang tuanya tidak gelisah karena anaknya terlambat pulang. Sekarang sudah pukul dua,” kata Pak Jaka kepada Bapak Kepala. “O, betul. Benar kata Pak Jaka. Nanti sekaligus menyerahkan kuitansi hadiah, saya akan mengantarnya,” kata Bapak Kepala Sekolah. Semua guru menyepakatinya.

Ing dalam Bagas kang diboncengake ibune meneng tanpa omongan. Saben ibune takon, Bagas uga ora wangsulan, tetep meneng wae. Nalika tekan ngomah, lagi wae motor mandheg, Bagas banjur mudhun. Sabanjure, dheweke mlayu mlebu ngomah nuju marang papan panyimpenan wayang. Nalika mangerteni Bagas kaya mangkono, Bu Ani age-age nututi.

“Saiki kowe kabeh wis ora dakbutuhke! Kabeh ora ana gunane!” karo grundelan Bagas njeboli kabeh wayange. Dheweke ora ngelingi anggone tuku wayang, Wayang banjur disebar sakarepe dhewe. Nalika krungu suwara pating glodhek lan grundelane Bagas, Mbok Ratmi dadi bingung.

“Duh Gusti...lelakon apa ya iki? Gek kesambet apa momonganku iki? Lha kok mulih sekolah ngamuk, banjur barang karemenane diabul-abul ora karuwan. Pripun keng putra niku ta, Bu? Gek kenging napa? Wangsul sekolah kok ngaten?” karo bingung Mbok Ratmi nyuwun pirsane ibune Bagas.

Kembeng-kembeng mripate Bu Ani. Krasa sesek ana ing jero dhadhane merga nahan rasa. Bu Ani ora bisa wangsulan marang pitakone Mbok Ratmi amarga weruh trekahe anake. Sawise weruh bendarane putri ora bisa kumecap apa-apa, Mbok Ratmi sansaya bingung. Tanpa mikir dawa, Mbok Ratmi komat-kamit lumrahe mbah dukun lagi maca mantra.

Di jalan Bagus yang dibonceng ibunya diam tanpa bicara. Setiap kali ibunya bertanya, Bagus tidak menjawab dan hanya terdiam. Sesampainya di rumah, baru saja motor berhenti, Bagus turun. Selanjutnya, dia berlari menuju rumah pada tempat penyimpanan wayang. Saat mengetahui Bagus seperti itu, Bu Ani langsung menyusulnya.

“Sekarang kamu semua tidak saya butuhkan! Semua tidak ada gunanya!” Sambil berteriak, Bagus mencabut semua wayangnya. Bagus tidak mempedulikan cara mendapatkan wayang. Semua wayang langsung disebar semauanya. Ketika mendengar suara gaduh dan teriakan Bagus, Mbok Ratmi menjadi bingung.

“Ya Tuhan...ada apa ini? Ada masalah apa dengan momonganku ini? Pulang sekolah kok mengamuk, lalu mainan kesayangannya diobrak-abrik. Bagaimana ini, Bu? Kenapa pulang sekolah kok jadi seperti ini?” Mbok Ratmi dengan kebingungan bertanya kepada Bu Ani. Mata Bu Ani berkaca-kaca. Terasa sesak di dada karena menahan tangis. Bu Ani tidak bisa menjawab pertanyaan Mbok Ratmi karena melihat tingkah putranya. Setelah melihat juragan putri tidak bisa berkata-kata, Mbok Ratmi semakin bingung. Tanpa berpikir panjang, mulut Mbok Ratmi komat-kamit seperti dukun membaca mantra.

Sawise rampung maca mantra, banjur kaya ana daya pangaribawa kang lumebu ing awake Mbok Ratmi. Bebasane rasa bingung dadi ilang. Mbok Ratmi malih dadi kuwawa kayadene senopati perang. Mbok Ratmi banjur cancut taliwanda nyedhaki Bagas kang isih ngamuk ngabul-abul wayang. Mbok Ratmi nyandak lan ngrungket Bagas, “Rep sirep si jabang bayi.”

Ora dinyana apa sing ditindakake Mbok Ratmi iku jebul ana kasile. Bagas kang dikekep lan diusap-usap Mbok Ratmi baka sithik mendha. Kepiye wae Mbok Ratmi iku wong sing momong Bagas. Mula iya ora mokal menawa sesambungane batin banget rakete. Ora mantra-mantra yen rakete kaya dene mbah lan putu. Nalika eling yen sing ngekep iku pamomonge, mula Bagas banjur bales ngrungket. Karo sesenggukan Bagas matur “Mbok Ratmi,...Mbok...aku isin Mbok...isin.”

“Lha isin merga apa, Ngger?” pitakone Mbok Ratmi sinambi ngusap eluhe Bagas. Kanthi suwara kang pedhot-pedhot, Bagas banjur crita perkara kang dilakoni. Nalika krungu apa kang dikandhakake Bagas, Mbok Ratmi banget trenyuh ing ati. Rasane ati lara. Yen dituruti pingin melu nangis gembor-gembor. Ing batin tuwuh pitakon, apa kekurangane Bagas kok bisa ora juwara?

Setelah selesai membaca mantra, seperti ada kekuatan yang masuk ke dalam tubuh Mbok Ratmi. Seolah-olah rasa bingung jadi hilang. Mbok Ratmi menjadi kuat seperti senopati. Selanjutnya, Mbok Ratmi bergegas mendekati Bagas yang masih mengamuk merusak wayang. Mbok Ratmi mendekati dan memeluk Bagas, “Rep sirep si jabang bayi.” Tidak disangka-sangka apa yang dilakukan Mbok Ratmi ada hasilnya. Bagas yang dipeluk dan diusap kepalanya sedikit demi sedikit mulai sadar. Bagaimana pun Mbok Ratmi pengasuh Bagas. Tidak heran ada ikatan batin yang kuat. Tidak disangka-sangka kedekatannya seperti nenek terhadap cucunya. Saat sadar yang memeluk pengasuhnya, Bagas semakin erat memeluk Mbok Ratmi. Dengan suara terisak, “Mbok Ratmi...Mbok...aku malu Mbok...malu.”

“Malu karena apa, Nak?” tanya Mbok Ratmi sambil mengusap air mata Bagas. Dengan suara terbata-bata Bagas bercerita peristiwa yang dialami. Saat mendengar yang diceritakan Bagas, Mbok Ratmi merasa terharu. Terasa sakit di hati. Jika dituruti, ingin menangis dengan keras. Di dalam hati timbul pertanyaan apa kekurangan Bagas sehingga tidak juwara?



Rasa iku uga dirasake dening ibune Bagas. Apa maneh meruhi kahanan putrane. Dhadha rasane seseg kaya keblegan watu gedhe nalika krungu kandhane Bagas karo nangis. Bagas ora bisa caos kadho ambal warsa palakramane bapak lan ibune. Ibu Ani njerit seru pertanda ora kuwawa ngampet tangis sanalika nubruk putrane. “Bagas anakku, dadi tekan semono pamikirmu. Mula apuranen Ibu ya, Ngger!”

Nalika mangerteni bendarane putri melu ngekep Bagas, Mbok Ratmi wasana ora kuwawa nahan tangise. Karo nangis tetelune banjur padha rerangkul. Kahanan iku banget gawe trenyuh sapa wong kang nyawang.

Ing sajroning sesenggukan, sanajan swarane groyok, Bu Ani ngendika marang putrane, “Thole cah bagus anakku, Ibu njaluk sing gedhe atimu. Aja nuruti kanepsone atimu. Menawa thole pengin nyenengake atine Ibu, saiki kowe kudu gelem nampa kahanan.” Akeh pangerten kang diparingake Bu Ani marang Bagas supaya nglilakake ora dadi juara. Gegandhengan Bagas wis bisa nampa kekalahane sayembara, rasane manah Bu Ani banjur lega. Kanggo nggugah rasa andarbeni, Bu Ani banjur dunungake anggane Bagas bisa duweni wayang. Bagas nyelengi saben dina, seka duwit sangu sekolah kang disisihake. Dadi mung muspra anggane ngupaya sasuwene iki.

Perasaan itu juga dirasakan oleh Ibu Bagas apalagi melihat keadaan putranya. Dada terasa sesak bagaikan tertimpa batu saat mendengar bicara Bagas sambil menangis. Bagas gagal memberikan kado ulang tahun pernikahan bapak dan ibunya. Ibu Ani menjerit menandakan tidak kuat menahan tangis seketika memeluk anaknya. “Bagas anakku, sampai seperti itu pemikiranmu. Maafkanlah Ibu, Nak!”

Ketika mengetahui majikannya ikut memeluk Bagas, Mbok Ratmi tidak kuasa menahan tangis. Sambil menangis ketiganya berangkul. Kejadian ini pasti membuat semua orang terharu.

Di tengah isak tangis dan suara yang masih serak, Ibu Ani berbicara kepada anaknya, “Anakku yang ganteng, Ibu minta kamu berbesar hati. Jangan menuruti amarahmu. Apabila kamu ingin menyenangkan hati Ibu, sekarang kamu harus mau menerima kenyataan.” Banyak hal yang dijelaskan Bu Ani kepada Bagas supaya merelakan tidak menjadi juara. Karena Bagas sudah bisa menerima kekalahan sayembara, hati Bu Ani lega. Untuk membangkitkan rasa memiliki, Bu Ani mengingatkan cara Bagas mendapatkan wayang. Bagas menabung setiap hari dari uang saku sekolah yang disisihkan. Menjadi percuma usaha yang dilakukan selama ini.

Mbok Ratmi manthuk lan benerake marang kabeh kang dingendikakake Bu Ani. Saiki dadi tinarbuka amerga sasuwene iki tansah ngganggu apa kekarepane Bagas. Mbok Ratmi nglenggana menawa wong momong bocah ora mung dienuit kareben meneng lan seneng. Ananging uga dituduhake endi sing bener lan menggak tindak ala.

“Ngger, kabeh ngendikane keng Ibu iki bener. Saka banget tresnane simbok marang Ngger Bagas, Simbok tansah ngenut kekarepanmu. Bu Ani, saking kedadosan menika wau menawi dipunpetani kula ingkang lepat. Menika saestu, Bu, kula ingkang lepat,” kanthi groyok Mbok Ratmi baleni atur.

Nalika krungu pocapane Mbok Ratmi, Bagas banjur nyaut omongan “Simbok ora luput. Ibu inggih boten lepat, nanging Bagas sing luput.” Bubar matur mangkono iku, Bagas banjur nggandeng tangane ibune diajak metu tumuju plataran.

Mbok Ratmi menganguk dan membenarkan perkataan Bu Ani. Sekarang menjadi terbuka karena selama ini selalu menuruti kemauan Bagas. Mbok Ratmi sadar jika mengasuh anak tidak hanya menuruti kemauan anak supaya diam dan senang. Namun, ditunjukkan hal yang benar dan melarang perbuatan yang salah. “Nak, semua yang dikatakan Ibu kamu itu benar. Karena Simbok terlalu sayang padamu, Simbok selalu menuruti kemauanmu. Bu Ani, dari kejadian ini jika diperhatikan saya yang salah. Ini benar, Bu, saya yang salah,” dengan suara terbata-bata Mbok Ratmi mengulangi ucapannya.

Ketika mendengar perkataan Mbok Ratmi, Bagas langsung menyahut “Simbok tidak salah. Ibu juga tidak salah, tetapi Bagas yang salah.” Setelah bilang seperti itu, Bagas menggandeng tangan ibunya dan diajak keluar halaman.



Bu Ranti, ibune Bagus, bola bali ngawasake jam kang tumempel ing tembok. Piyambake ngarep-arep dene putrane wis luwih seka jam loro awan durung bali. Bu Ranti mlebu metu omah kaya wong bingung. Ora sawetara suwe dumadakan keprungu suwara mobil ing plataran. Mula Bu Ranti banjur ngungak njaba.

Kaget rasa atine Bu Ranti jalaran kadingaren Bagus bali mulih diterake Bapak Kepala Sekolah. Rasa gumun anggone bali kok nggawa poncotan. Saking gumune, Bu Ranti nganti kamitenggengen ora bisa pocapan. Piyambake ora midhanget nalika Bapak Kepala Sekolah ngucapake uluk salam.

Nalika ngerti yen ibune durung njawab salam, Bagus banjur ngundang sinambi nablek tangan.

“Bu...Ibu! Kok boten njawab salam, ta?” Krasa menawa ditablek tangane, Bu Ranti banjur mak gragap.

“Aduh, Bagus gawe kaget Ibu,” wangsulane Bu Ranti sinambi nutupi isin.

“Kula nuwun, Bu, nyuwun pangapunten niki Mas Bagus anggenipun wangsul radi randat. Niki wau nengga pengumuman lomba dhalang saking dhinas langkung rumiyin. Lajeng tuwuh sekedik perkawis amargi wonten lare kagol boten juwara,” ngendikane Pak Kepala.

Ibu Bagus, Bu Ranti, berkali-kali melihat jam dinding. Beliau menanti kedatangan anaknya dengan cemas. Sudah pukul dua siang lebih Bagus belum pulang dari sekolah. Bu Ranti keluar masuk rumah seperti orang kebingungan. Tidak lama kemudian, terdengar suara mobil di halaman rumah. Bu Ranti melihat ke luar. Kaget hati Bu Ranti karena melihat Bagus diantar pulang Bapak Kepala Sekolah.

Lebih kaget lagi Bagus membawa bungkusan. Karena heran, Bu Ranti bengong tidak bisa berkata-kata. Bu Ranti tidak mendengar ketika Bapak Kepala Sekolah mengucapkan salam. Saat mengerti ibunya belum menjawab salam, Bagus memanggil sambil menepuk tangan ibunya.

“Bu...Ibu! Kok tidak menjawab salam?” Terasa tangannya ditepuk, Bu Ranti kaget.

“Aduh, Bagus membuat kaget Ibu,” jawab Bu Ranti dengan malu.

“Permisi Bu, mohon maaf Mas Bagus pulang terlambat. Ini tadi menunggu pengumuman lomba dalang dari dinas lebih dulu. Selanjutnya, ada sedikit permasalahan karena ada anak kecewa tidak mendapat juara,” kata Bapak Kepala Sekolah.

“O, inggih Bapak. Boten dados menapa. Samenika mangga katuran mlebet rumiyin. Nyuwun ngapunten menika pating jlempah,” ature Bu Ranti sinambi ngaturi lenggah.

“Ah, Ibu menika lho. Dalem tinata sae kok ngendika pating jlempah. Griya kula kados kapal pecah,” guyonipun Bapak Kepala Sekolah. Nalika dialem omahe luwih tumata, Bu Ranti banjur dadi kikuk kelakuane. Senajan kasunyatane omahe pancen resik lan tumata. Kahanan kuwi anjalari sapa wae dadi kerasan menawa mertamu ing omahe Bu Ranti.

Bu Ranti pancen wasis mranata ruangan omah senajan dudu lulusan desain interior. Kabeh gaweyan ngomah ditandangi dhewe sawise ditinggal seda garwane. Bu Ranti mapan ing omah iku karo putrane, yaiku Angga lan Bagus. Dene Angga iku putra barep kang wektu iki isih kuliah. Kanggo panguripane kaluwarga, Bu Ranti oleh pensiunan janda lan kasil sawah.

Sawuse rampung mbagekake, Bu Ranti banjur nyuwun pirsu sapa sing dadi juara. Bapak Kepala Sekolah banjur ngendika menawa sing juara iku Bagus. Nalika krungu Bagus dadi juara, Bu Ranti langsung sujud syukur sanalika. Wondene Bagus banjur diambungi lan dikekep pratanda rasa bungahe ati.

“O, ya Bapak. Tidak apa-apa. Silakan masuk. Mohon maaf, ini berantakan,” kata Bu Ranti sambil mempersilakan duduk Bapak Kepala Sekolah.

“Aduh, Ibu. Rumah tertata rapi seperti ini kok dikatakan berantakan. Rumah saya seperti kapal pecah, Bu,” gurau Bapak Kepala Sekolah. Saat disanjung rumahnya tertata rapi, Bu Ranti menjadi canggung. Kenyataannya, rumah Bu Ranti memang rapi dan nyaman. Keadaan seperti itu membuat orang betah bertamu di rumahnya.

Bu Ranti memang pintar menata rumah walaupun bukan lulusan desain interior. Semua pekerjaan dilakukan sendiri setelah suaminya meninggal. Bu Ranti tinggal di rumah itu bersama putranya, yaitu Angga dan Bagus. Angga anak pertama yang saat ini masih kuliah. Untuk kehidupan sehari-hari, Bu Ranti mendapatkan pensiun janda dan hasil sawah.

Setelah mempersilakan duduk Bapak Kepala Sekolah, Bu Ranti bertanya tentang siswa yang menjadi juara. Bapak Kepala Sekolah memberitahukan yang menjadi juara adalah Bagus. Saat mendengar Bagus jadi juara, Bu Ranti langsung sujud syukur. Selanjutnya, Bagus dicium dan dipeluk pratanda senang.



Bapak Kepala Sekolah uga melu bungah lan bombong nalika mirsani Bu Ranti bungah. Piyambake ora sranta pingin age-age maringake dhuwit bebungah sayembara dhalang cilik. Mula piyambake banjur sumela pangandikan, “Nyuwun pangapunten menika, Bu. Taksih wonten ingkang badhe kula aturaken.”

“Inggih, Bapak, niki saking bungahing manah kula amargi boten kanyana-nyana anak kula saget juwara. Lajeng priipun, Bapak?” pitakone Bu Ranti.

“Mekaten, Bu. Kasil saking kajuwaran menika, Mas Bagus pikantuk arta bebingah. Dene agengipun arta kados ingkang kaserat menika. Mangga dipunpirsani rumiyin,” ngendikane Bapak Kepala Sekolah sinambi maringake notane. Nota iki tanda panampane dhuwit seka dinas. Sawise maca cacache duit kang bakal ditampa, Bu Ranti banjur ngaturake panuwun.

“Inggih, matur Bapak. Kula amakili anak kula, Bagus, ngaturaken agunging panuwun. Anak kula sampun dipungulawentah, dipuniguhaken saengga saged juwara. Inggih leres sedaya saking Inkang Maha Kuwaos, ananging ugi magepokan kaliyan sekolah. Rak inggih leres mekaten ta, Bapak?”

Bapak Kepala Sekolah merasa ikut bahagia saat melihat Bu Ranti bahagia. Beliau tidak sabar ingin memberikan uang hasil sayembara dalang kecil. Bapak Kepala Sekolah berkata, “Mohon maaf, Ibu. Masih ada yang ingin saya sampaikan.”

“Iya, Bapak, karena bahagia tidak disangka anak saya juara. Selanjutnya, bagaimana, Bapak?” tanya Bu Ranti.

“Begini, Bu. Hasil dari sayembara ini Mas Bagus mendapatkan uang pembinaan. Besaran uangnya tertulis di amplop ini. Silakan dilihat dulu,” kata Bapak Kepala Sekolah sambil memberikan nota. Nota ini menjadi tanda terima uang dari dinas. Setelah membaca banyaknya uang yang diterima, Bu Ranti langsung mengucapkan terima kasih. “Iya, Bapak, terima kasih. Saya mewakili anak saya, Bagus, mengucapkan terima kasih. Anak saya sudah dibimbing dan dilatih sehingga menjadi juara. Iya, betul semua dari Yang Maha Kuasa, tetapi juga berkaitan dengan usaha sekolah. Betul begitu, Bapak? “

“Inggih leres bu, jalaran sayembara niki ingkang ngawontenaken Dinas. Pasarta ingkang saget derek sayembara menika, menawi lumantar sekolah. Ateges pasarta menika amakili sekolahanipun piyambak-piyambak. Pramila mekaten...” pangandikane Bapak Kepala Sekolah ora diterusake. Ananging Bu Ranti tanggap apa kang dikersakake dening bapak kepala. “Kula mangertos bapak, sinaosa kula sanes tiyang kantor. Wonten pundi-pundi inggih sami menawi panampinipun hadiah boten wetah. Amergi pranantan saengga kapotong pajek, lajeng perangan sekolah inggih kedah wonten bapak. Pramila sumangga kula caosaken kawicaksanan dhateng sekolah” mangkono ature Bu Ranti. Rasa trenyuh seka Bapak Kepala Sekolah bubar mireng ature ibune Bagus. Ing penggalihe ngalem marang ibune Bagus kang banget anggone wicaksana. Kang duweni pakarti bisa rumangsa, sumeleh ora ngangsa. Kamangka ngerti tulisan cacahé duit ana 10.000.000, banjur kena pajak 6,5%. Isih disumanggakake menawa arep dikelongi kanggo sik nggladi lan pihak sekolah. “Nggih matur nuwun sanget bu, sedaya menika menawi sami lilanipun dados barokahi. Benjang arta bebungah menika badhe diketun liwat rekeningipun Mas Bagus. Gegandhengan sampun cekap kula nyuwun pamit” mangkono akhir pangandikane Pak Kepala.

“Iya betul bu, karena perlombaan ini yang mengadakan Dinas. Peserta yang bisa ikut lomba apabila melalui sekolah. Artinya peserta mewakili sekolahan sendiri-sendiri. Makanya ...” Pembicaraan Bapak Kepala Sekolah tidak diteruskan. Akan tetapi Bu Ranti mengerti apa yang dikatakan Bapak Kepala Sekolah. “Saya mengerti, Bapak, walaupun saya bukan orang kantor. Di mana-mana sama apabila menerima hadiah tidak utuh karena kena pajak. Selanjutnya, urusan sekolah harus ada Bapak. Makanya saya persilakan kebijaksanaan kepada sekolah” begitu kata Bu Ranti. Mendengar perkataan Ibu Bagus, Bapak Kepala Sekolah menjadi terharu. Di dalam hatinya memuja kepada Ibu Bagus yang bijaksana. Mempunyai budi pekerti yang merasa bisa, tidak mengada-ada. Padahal mengerti tulisan uang dengan jumlah Rp 10.000.000,00 lalu kena pajak 6.5%. Masih mempersilakan apabila akan dikurangi untuk latihan juga kepentingan pihak sekolah. “Ya bu, terimakasih sekali untuk kerelaan ibu. Semoga menjadi berkah barokah. Besuk uang hadiah dikirim melalui rekening Mas Bagus. Dikarenakan sudah cukup saya minta pamit” begitu akhir dari percakapan Bapak Kepala Sekolah.



“We lha kok kesesa, gek niki malah dianggurke. Wose matur nuwun sanget, ingkang paring piwales Gusti ingkang Maha Agung. Karana boten kersa digondeli nggih derekaken sugeng kundur” ature panutup Bu Ranti. Lan ngontapke Pak Kepala tekan plataran omah.

Sapungkure Bapak Kepala Sekolah, Bu Ranti banjur nyawang Bagus. Ananging Bagus sing disawang ora ngatonake kebangahan. Malah katon susah kaya ana perkara kang ganjel ing atine. Mula Bu Ranti banjur ngandheng Bagus tumuju palunguhan. Sabanjure Bu Ranti kanthi alon dangu marang Bagus.

“Bagus ana apa cah bagus, kok katon susah?” pitakone ibune. Bagus ora wangsulan nanging malah banjur ngrungket ibune karo sesunggukan. Mangerteni putrane kok malah muwun, Bu Ranti banjur nentremake. Kanthi sabar ngerih-erih supaya Bagus gelem blaka, sejatine ana apa. Isih nglendot neng awake ibune, Bagus ngucek mripate ngilangiluh. Banjur lungguh jejek lan unjal ambegan katone arep nata suwara. Sabanjure “Ibu napa kula lepat dadi juwara?” pitakone Bagus kanthi suwara groyok.

“Kok tergesa-gesa, maaf Bapak tidak bisa memberi suguhan. Terimakasih sekali hanya Tuhan yang bisa membalas. Karena tidak mau berlama-lama silakan pak apabila mau pulang” kata Bu Ranti. Selanjutnya, mengantar Bapak Kepala Sekolah sampai depan rumah.

Sepulangnya Bapak Kepala Sekolah, Bu Ranti langsung melihat Bagus. Akan tetapi yang dilihat sepertinya tidak senang. Sepertinya raut wajah sedih seperti ada permasalahan. Makanya tangan Bagus menuju tempat duduk. Selanjutnya, Bu Ranti dengan pelan bertanya kepada Bagus.

“Bagus ada apa anakku yang ganteng, kok kelihatan sedih?” pertanyaan ibunya. Bagus tidak menjawab tetapi langsung memeluk ibunya sambil menangis. Mengerti anaknya bersedih, Bu Ranti menentramkannya. Dengan sabar dan merayunya supaya Bagus mau terbuka, sebetulnya ada permasalahan apa. Masih bersandar pada ibunya, Bagus membasuh air mata.

Selanjutnya, duduk tegak dan ambil nafas menata suara. Lalu “Apa saya salah mendapat juara?” pertanyaan Bagus dengan suara terbata.

“Lho wong entuk juwara kok luput. Juwara iku ateges bocah pinunjul merga duwe kaluwihan” wangsulane Bu Ranti. Nyetitekake pitakone Bagus, dadi kelingan ngendikane Bapak Kepala Sekolah mau. Yaiku ana bocah kagol merga ora entuk juwara.

Kanthi alon lan luwih alus Bu Ranti banjur takon marang Bagus. Apa merga ana bocah kagol kaya sing dingendikakake Bapak Kepala Sekolah. Pitakone ibune iku Bagus kelingan prastawa ing sekolahan mau. Pikirane dadi ora karuhan isih sumelang yen ketemu Bagus. Lan ndelelek anjalari ora mangsuli pitakonane ibune.

Lagi mikirake cara supaya Bagus gelem blaka, dumadakan keprungu wong kula nuwun. Sinambi jawab mangga Bu Ranti mlaku metu. Sawise tekan jaba kaget jebul tamune iku kanca wektu SMP. Karana suwe ora ketemu mula banjur padha rerangkalan guwang kangen.

“Lho iki Ibu malah sampun tepang ta kaliyan ibunipun Bagus?” pitakone Bagus.

“Iya bener, iki asmane Bu Ranti kanca sekolahe Ibu” wangsulane Bu Ani.

“Bener cah bagus, ibumu iki kanca kenthelku” mangkono kajelasane Bu Ranti.

“Mendapat juara kok salah. Juara itu berarti anak yang lebih pintar dan punya kelebihan” jawaban Bu Ranti. Memperhatikan pertanyaan Bagus jadi ingat pembicaraan Bapak Kepala Sekolah tadi bahwa ada anak yang kecewa karena tidak dapat juara.

Bu Ranti bertanya dengan halus dan pelan kepada Bagus. Apa karena ada anak yang kecewa seperti yang dikatakan Bapak Kepala Sekolah. Pertanyaan dari ibunya tersebut mengingatkan Bagus pada peristiwa di sekolahan tadi. Perasaan menjadi tidak tenang apabila nanti ketemu Bagus. Lalu termenung karena tidak menjawab pertanyaan ibunya. Baru memikirkan cara supaya Bagus mau jujur, tiba-tiba terdengar orang bertamu. Sambil menjawab seruan tamu Bu Ranti berjalan keluar. Setelah sampai di luar terkejut ternyata tamunya teman semasa SMP. Lama tidak bertemu kemudian saling berpelukan melepas rindu.

“Lho ternyata Ibu sudah saling kenal dengan ibunya Bagus?” tanya Bagus.

“Iya benar, ini namanya Bu Ranti teman sekolahnya Ibu” jawab Bu Ani.

“Benar anak ganteng, ibumu ini sahabatku” begitu keterangan Bu Ranti.



Rasa seneng ketemu kanca lawas, bu Ranti age-age ngajak mlebu tamune. Sawise diprayogake lungguh, merga janur gunung banjur ora saranta takon apa keperluane. Mula bukane Bu Ani ora ngerti menawa Bagus iku anake Ranti kancane dhewe. Mula kanthi alon lan ngati-ati Bu Ani ngawiti carita.

Rampung ngrukokake caritane Bu Ani, Bu Ranti banjur unjal ambegan dawa. “O alah,...jebul anakmu ta sing kagol iku? Bagus anakku ora gelem blaka, apa merga saking kamigilane? Saiki bocahe tak ajake mrengs” rampung ngucap banjur mlebu kamar nemoni Bagus.

Watara ana telung menitan anggone ngeri-erih, Bagus lagi gelem metu. Bagus lan ibune was lan sumelang, Bagus ora gelem metu nemoni. Rasa mak plong atine Bagus lan ibune, weruh Bagus metu seka kamare. Selak ora sronto njaluk pangapura, Bagus banjur mlayu marani Bagus. “Bagus....aku njaluk pangapura!” pambengoke Bagus sinambi ngrangkul Bagus.

Bu Ani lan Bu Ranti kamitenggengen meruhi putra-putrane pada rerangkalan. Ora bisa kumecap apa-apa merga saking trenyuhe, mula banjur melu rerangkalan. Ing kono Bu Ani banget bombong ing ati, dene anake lanang duwe jiwa kesatriya. Gelem ngakoni lupute lan ora isin njaluk pangapura. Semono uga Bu Ranti, merga anake kanthi lega lila paweh pangapura.

Perasaan bahagia bertemu teman lama, Bu Ranti segera mengajak masuk tamunya. Setelah dipersilakan duduk, segera ditanya keperluannya. Pada awalnya Bu Ani tidak mengetahuai kalau Bagus anaknya Ranti. Maka dengan berhati-hati dan pelan Bu Ani memulai cerita.

Selesai mendengarkan cerita Bu Ani, ibunya Bagus menghela nafas panjang. “Ya Tuhan ternyata anakmu yang kecewa? Anak saya Bagus tidak mau berterus terang, Apa karena ketakutan? Sekarang anaknya akan saya ajak kemari”. Berkisar tiga menit Bagus dirayu baru mau keluar. Bagus dan ibunya khawatir apabila tidak mau menemui. Rasa lega dihati melihat Bagus dan ibunya keluar dari kamar. Dengan segera Bagus meminta maaf kepada Bagus. “Aku minta maaf Bagus!” suara keras Bagus sambil memeluk Bagus.

Bu Ani dan Bu Ranti tertegun melihat putra mereka berpelukan. Tidak bisa terucap karena terharu, maka langsung ikut berpelukan. Dalam hal ini Bu Ani sangat bangga, mempunyai anak lelaki berjiwa kesatria. Mau mengakui kesalahan dan mau minta maaf. Begitu juga Bu Ranti, bangga karena anaknya dengan ikhlas rela memberi maaf.

Ing sajeroning rerangkalan Bu Ranti, ngendikakake menawa Bagus iku juwara sejati. Jalaran bisa nampa kanthi lega lila ora dadi juwara. Uga gelem ngakoni kalupatane seka apa kang ditindakake. Bocah kang kaya mangkono iku bisa sinebut mustikane wong tuwa. Semono uga Bu Ani kanthi suwara groyok paweh pangalembana marang Bagus. Senajan Bagus dadi juwara, ananging ora banjur umuk. Dialani ora lara ati uga ora sengit, lan lega lila paweh pangapura. Ora saben bocah duweni ati mulya kaya Bagus. Cetha iku mustika sing paling larang tumrap ibune. “Bagus, aku lila kowe sing entuk juwara. Aku ora juwara dudu salahe sapa-sapa, nanging salahku dhewe. Saiki kabeh wayang sing neng omahku kanggo kowe. Wiwit dina iki aku lan kowe dadi sedulur. Jalaran padha-padha Mustikaning Ibu”.

Pada saat berpelukan Bu Ranti berbicara apabila Bagus adalah juwara sejati. Walaupun tidak mendapat juara tetapi bisa menerima dengan ikhlas. Selain itu mau mengakui kesalahan yang dilakukannya. Anak seperti itu yang disebut mustika ibu.

Bu Ani dengan suara terbata-bata memberikan sanjungan kepada Bagus. Walaupun Bagus mendapatkan juara tetapi tidak sombong. Walaupun hatinya disakiti juga tidak marah dan ikhlas memberikan maaf. Tidak semua anak mempunyai hati sebaik Bagus. Bukti nyata bahwa itu mustika termahal untuk ibu.

“Bagus, aku rela kamu mendapat juara. Aku tidak juara bukan salah siapa-siapa. Itu salahku sendiri. Sekarang wayang yang aku punya untuk kamu. Mulai hari ini aku dan kamu jadi saudara. Dikarenakan kita sama-sama Mustika Ibu”.

Biodata

Biodata Penulis dan Penerjemah

Lahir di Bantul, 08 November 1981. Seorang guru yang mengajar di SD Negeri Pucung Korwil Imogiri Kabupaten Bantul, Yogyakarta. Tinggal di Kanten RT 01, Kebonagung, Imogiri, Bantul, Yogyakarta 55782. Kontak hubungi WA 0818279457

Biodata Ilustrator

Wisnu Drajad Kurniawan, Freelance Desainer Grafis & Ilustrator, berdomisili di Kendal, Jawa Tengah. Hobi menggambar sejak kecil, Lulusan DKV ISI Jogja, Selain mengerjakan ilustrasi, juga mengerjakan desain Logo, Storyboard TVC. Karya - karya Wisnu dapat dilihat di akun Instagram @Wisnu_dk, kontak WhatsApp 089680836664

Biodata Penyunting

Penyunting naskah ini Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.





MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Bagus dan Bagus adalah dua orang sahabat. Melalui sebuah ajang perlombaan mereka mengetahui bahwa kekalahan dalam sebuah perlombaan adalah hal biasa. Begitupun kemenangan dalam sebuah perlombaan tidak perlu dibangga-banggakan.

ISBN 978-623-112-519-4 (PDF)



9 786231 125194



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023